PENGUNGKAPAN NILAI BUDAYA DARI NASKAH NASKAH SURAKARTA (MUSTHIKANING KIDUNG)

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

PENGUNGKAPAN NILAI BUDAYA DARI NASKAH NASKAH SURAKARTA (MUSTHIKANING KIDUNG)

Pengkaji

Prof. Dr. Edi Sedyawati (Ketua Tim)
Supriyanto Widodo, SS (Peneliti)
Dina Nawangningrum, SS (Peneliti)

Penyempurna :

Prapto Yuwono, SS

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
BAGIAN PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA
1993

KATA PENGANTAR

Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah dari daerah Surakarta yang berjudul Musthikaning Kidung, isinya tentang Ajaran Islam.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai Pendidikan dan Budi Pekerti. Nilai-nilai seperti ini sangat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat menjadi sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, Juli 1993
Pemimpin Bagian Proyek Penelitian
Dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara



Sri Mintosih
NIP. 130 358 048

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri baik lewat karya-karya sastra tradisional maupun dalam wujud kebudayaan yang lain merupakan sikap terpuji dalam rangka perwujudan integrasi nasional. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala pandangannya.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, baik dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah nusantara, maupun dengan usaha-usaha lain yang bersifat memperkenalkan kebudayaan daerah pada umumnya. Salah satu usaha itu adalah Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul **Pengungkapan Nilai Budaya Dari Naskah, Naskah Surakarta (Musthikaning Kidung).**

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini. Maka penggalian nilai-nilai budaya yang terkandung dalam naskah tradisional maupun dalam wujud kebudayaan yang lain yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat ditingkatkan

sehingga tujuan pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal. Kiranya kelemahan dan kekurangannya yang masih terdapat dalam penerbitan ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang.

Akhirnya saya mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Direktur Jenderal Kebudayaan



Prof. Dr. Edi Sedyawati
NIP. 130 202 902

DAFTAR ISI

Halaman

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN .. iii
KATA PENGANTAR v
DAFTAR ISI vii
Bab I. Teks Musthikaning Kidung 1
Bab II. Terjemahan Musthikaning Kidung 26
Bab III. Pembahasan 53

BAB I
TEKS MUSTHIKANING KIDUNG

I SINOM

1. Lir meksi pradapanira, ing kamal macelu nganggit, basa Jawa sinung tembang, bab sajuga wasitadi, anggitan Kangjeng Nabi, Suleman Ibnu Jeng Dawud, menggah raning pustaka, paringira Kangjeng Nabi, Musthikaning Kidung tyas muja ing Suksma.

2. Karsa sung wening wardaya, cempat ngiket basa nulis, lalagon ing tembang tiba, mring basa dhongdhinging gendhing, lan babon kang den cukil, ing suraos saged jumbuh, wasitadi isbatan, wonten ratu murih maring, pra kakasih wanodya kinon nggonjak.

3. Surasa parlu kinarya, paneter jejeging budi, budaya kang sedya ngangsa, mring panggawe buru angin, jroning kasongan rawi, pada ngidak bantala gung, binudi santosanya, widada budi mrih sidik, pan kawedhar menggah ing sabda Narendra.

4. Ingsung mugi rinobana, ing pangucapira lathi, dene ta asih paduka, sedhepipun anglangkungi, saking anggur utawi,

ganda paduka rumipun, anglir pendah jebatdan, ingkang sakalangkung wangi, menggah asma paduka prasasat lisah.

5. Wangi ingesok gandanya, angambar menuhi bumi, mila para prawan samya, kapidereng anyaosi, katresnan mugi-mugi, paduka ngingkis tengsu, saking endahing cahya, karsaa anggendeng aji, maring amba temah tut wuntat kewala.

6. Sasampuning Naradipa, kang cahya angingkis sasi, karsa nambadeng katresnan, kawula sinambut manjing, ing gedhong tilam sari, pipingitaning jinem rum, kularsa samya bingah, reneng tyas kang awit saking, padukarendra tanggap tanduking katresnan.

7. Kawulanta arsa samya, angalembana tumrap mring, sih paduka cahya pendah, Narendraning Sang Hyang Ratih, pinunjul angsung ing sih, pamales katresnan konjug, kalangkung anggur dahat, mawi kayekten gyan sami, anyaosken katresnan maring paduka.

8. Nengna panggonjaking prawan, kinocap sabdaniraji, he sagung para wanodya, ing Yerusalem nagari, pan ireng kulit mami, nanging endah rupanipun, pindha tarup ing kedar, sartanira angemperi, babutira Suleman kacremanigwang.

9. Sira aja meksi ingwang, irenge kukulit mami, amarga saka kataman, sunarira Sang Hyang Rawi,anake biyung mami, padha muring-muring mring sun, mulane ingsun nulya, pan pineksa kinon dadi, juru among marang papan pakebonan.

10. Tetanduran anggur temah, pakebonan sun pribadi, iku tan sun upakara, wangsulanira pra estri mareng Jeng Sri Bupati, dhuh pukulun Sang Ngaprabu, kang katresnan

jiwamba, kawulanta mugi-mugi, kalilana nyumurepi ing panggenan.

11. Kagungan menda paduka, wonten pundi deniraji, mlegungken mamrih kauban, tan kasorot bagaspati, masamadyeng Hyang Rawi, punapa amba Prabu, ngantosa kluyuran lan, namur dhateng pratisthaning, papanthaning para mitra padukendra.

12. Sang Prabu nabda maluya, mangkaten denira angling, he-he pethinganing para, wanudya endah manawi, sireku durung uning, mangkene mamrih sumurup, payo nglacaka marang, tapake wedhus utawi, cempenira enggonen ana caketnya.

13. Tarube pangon pangenan, he-he ta kakasih mami, sireku upamanira, kaya kuda ingkang dadi, rakitan rata aji, Pringon sinambating ngarum, sru endah pipinira, ingapit-apit sumping, ewadene lungayanira rinengga.

14. Kalung sireku panarsa, sun yasakken sumping rugmi, tinutul-tinutul salaka, sadangunira Narpati, pinarak kembul bukti, tansah ginonjak dyah ayu, mangkaten ginonjaknya, naretku gandanira mrik, uwotira katresnanku sedhepira.

15. Tumrap ing aku upama, balendoking emur kadi, buntelan sumesel ana, selaning pambayun mami, sedhepe tumrap mami, terusken nanging nyawaku, lir pendah dhedhompolan, koper iku ingkang saking, kebon anggur ing En-gedi ananira.

16. Sang Prabu maluya sabda, lah kowe kekasih mami, sireku endah ing warni, iya endah nyata yekti, mripatireku kadi, manuk dara mripatipun, parendah dyan maluya, panggonjakira Narpati, dhuh-dhuh adhuh woding katresnan kawula.

17. Pekik sarira paduka, anengsemken ati mami, ariyo-riyo Narendra, neng plenggahan Narapati, yen nambadeng kang

dadi, katresnan prawan pangulun, lir roroning ngatunggal, wit Kangjeng Ejkha akardi, andalurung ingkang samya kaunggyanan.

18. Gegebyogipun awarna, wit Kangjeng beros panulis, wulang tumrap bab sajuga, palestha mangkya gumanti, nurut pasal kekalih, teksih musthikaning kidung, panggiteng Dawut putra, bibisik Suleman Nabi, sekar pocung ingkang pinacak carita.

II. PUCUNG

1. Sekar pucung amedhar ing ngaturipun, para dyah prawan, denira gonjak Sri Mulki, dhuh Sri Nata kawula punika sekar.

2. Khabat selet ing saron utawinipun, sekar bakung nglebak, sabdanira Narapati, heh wanita sireku kadya upama.

3. Kembang bakung ana ing samadyanipun, eron ngono uga, sih ingsun ana madyaning, para prawan sanadyan ayu ing warna.

4. Para prawan umatur, marang Sang Prabu, dhuh amba punika, kadya upamanya uwit, tapukha kang wonten tengahing wiwitan.

5. Ing wanadri inggih mangkaten Sang Prabu, woding katresnewang, wonten madyeng para janmi, priya anon sru dahat anggen kawula.

6. Remen lungguh wonten ing payomanipun, sarta uwohira legi dhateng cethak mami, kawula wus tinuntun umanjing marang.

7. Gendhong ingkang pancen pangunjingan anggur, mangka pasihannya, inggih punika Narpati, bandera kang kinarya ngaubi ingwang.

8. Bok kawula den kuwatna lawan amung, nyenyamikan aran, inggih emplek-emplek kismis, lan den kasnaka lawan uwoh tapukha.

9. Awit amba anandhang sakit wulangun, utamangganing-wang, sinanggi ing ngasta kering, asta tengan ameluk-meluk kawula.

10. Sabdanira Srinata mring wanudyayu, he para wanita, ing Yerusalem nagari, sira samya ingsun sumpah mungguh kidang.

11. Myang manjangan wadon-wadon ing ngalan gung, aja ngungkatena, utawa mrempengken maring, ing katresnan prakara iku prayoga.

12. Ingujaa iya saka sejanipun, pribadi badiwak, para prawan amangsuli, mring Narpati mangkaten wuwusing kenya.

13. Pan karungu inggih amba swaranipun, woding katresnamba lah ing kono angrawuhi, rawuhnira malumpat-lumpat tindakira.

14. Neng pangargan lincak-lincak aneng munggur, woding katresnengwang, memper kaya kidang tuwin, kaya kompeng lah puniku enggonira.

15. Jumeneng neng burining tembok amanguk, ngungak-ungak marang, jandhela-jandhela meksi, sarta mulateng buri ruji candhela.

16. Uwotipun katresnan kumedhar wuwus, iya marang ingwang, mangkene kekasih mami, angadega ing wong ayu-ayu sira.

17. Uwotipun iya ing katresnaningsun, sira mareneya, lah ta wus liwat badhidhing, myang tingkase masa udan wus kliwat.

18. Ing bumi wus kawon kembang-kembangipun, wus tekama samya, pangocehing peksi-peksi, myang manggungge brakutut karungu iya.

19. Ana tanah ing kene utawanipun, uwit arah padha, anggurihken wohing pentil, uwit anggugur kembang mrik arum gandanya.

20. He kekasih ngadega he prawan ayu, paraning tresnengwang, mareneya dara peksi, ingon-ingonku kang manggon lawahing parang.

21. Ing pasingetaning gampeng pasemonmu, katokna maringwang, ambukaa sira angling, sun pyarsakken swaramu maweh asmara.

22. Yuning semon semumu karya wulangun, ingsun rewangana, sedyengong anyekel maring, gegarangan cilik kang padha angrusak.

23. Kebon anggur awit dene kebon anggur, iya darbekingwang kembangira amrok mijil, uwotira iya ing katresnaningwang.

24. Darbekingsun dhewe iya sartanipun, apan iya nyata, kekasihnira pribadi, gyanya angon ana tengah-tengahira.

25. Kembang-kembang bakung kongsi wayahipun, adheming rahina, wayahe wayangan asis, dhuh dhuh woding katresnan amba paduka.

26. Dyan densasating kidang utawinipun, kompreng gyan paduka, ngalambreng neng redi-redi, ingkang lowah-lowah palestha panurat.

27. Pasal kalih ing mangkya gantya mangapus, bab tri sinung tembang, mencacat araning gendhing, rarasing tyas mrih wimba weningring driya.

III MIJIL

1. Kang minijil ucaping pawestri, akung neng paturon, nuli nglari kang dadi telenge, yitma mami sun lari ananging, pan nora kapanggih, anulya clathuku.

2. Sun tak tangi angideri nagri, sar-pasar kramen wong, lurung-lurung iya tetelenge, nyawaningwang sun lari anuli, pan iya ngong lari, nanging tan kapangguh.

3. Sun kapapag wong kemit nganglangi, nagri sun pitakon, apa iya wong nglanglang dheweke, amrangguli marang ingkang dadi, teleng myang jernihing, yitmaningsun mau.

4. Durung adoh iya unggyan mami, kurung kuran karo, marang mau wong kemit gawene, anulya wus nemu ingkang dadi, teleng myang jernihing, yitmangsun mau.

5. Dyan sun candhet sarta ngong cekeli, lawan nora ingong, uculake mau tetelenge, nyawaningsun sartanira kongsi, sun sambut umanjing, pantyaning biyungku.

6. Ing jro gedhong iya kang sayekti, nglairake ingong, e parendyah ing yerusalem, rungokena kowe iku sami, iya tak sumpahi, piyarsakna mungguh.

7. Kidang-kidang lan manjangan estri, sira kewaning jro, alas aja iya ngungkatake, myang mrempengken iya iku maring, prakara pakardi, ing katresnan iku.

8. Den uja asaseja pribadi, sapa nyedhak kono, saka ing pasamunan sasate, kadya kumelune kukus agni, kinutug mur tuwin, menyan sartanipun.

9. Warna-warna gi-anggining craki, lah sira den weroh, iku joli iya kagungane, jeng Suleman Nabi Dawud siwi, ngurung-urung kongsi, kemput prawira Nung.

10. Pan sawidak prawira winilis, tunggalane uwong, ing Israil iya prawirane, padha sikep ing pedhang sakwehing, lan kehing ngajurit, kabeh prawira Nung.

11. Kabeh anyangkelit pedhang sami, krana saka dengo, panggirise ing latri wayahe, Sangaprabu Suleman apan wis, pajangan ngyasani, kang ginawe kayu.

12. Ing Lebanon sasakane asli, salaka kinaot, kang ginawe sarta cik-cikancike, emas larapira ing jejarik, wungu semu abrit, mungguh ing jropinpun.

13. Rinengga-rengga wawarnen dening, katresneng prawadon, iya wadon tanah Yerusalem, he prawanudya ing siyon sami, metuwa umeksi marang Sangaprabu.

14. Kang sinambat rum Suleman Nabi, angagem Sang Katong, makuthadi kang den agemake, marang Panjenenganira dening, kang ngibu ing ngari, pikramaning Prabu.

15. Iya dina suka reneng galih, wardayeng Sang Katong, pasal katri sampat panurate, bab sakawan kang gantya tinulis, rinarasing gendhing, gambuh ing pitutur.

IV. GAMBUH

1. Iba-iba ayumu, he paraning kang dadi tresnaku, iba-iba ayumu matamu mungging, sangisoring kudhung wangun, wangune lir datan seyos.

2. Matane dara manuk, rarambutmu sasat rambut wedhus, jawa-jawa sapantha kang jerum mungging, ing peperenganing gunung, inggil At untumu kados.

3. Wedhus gembel akumpul, sapantha ingkang salebaripun, binathilan mentas ginuyang ing warih, kabeh padha mateng jumbuh, lire kembar nora seyos.

4. Ora ana kang gabud, sartanira iya lelambemu, nora beda kaya tampar sangkilat abrit, cangkemu karya wulangun, pilinganmu ana ngisor.

5. Ing kukudhung wawangun, wangunane anglir uwohipun, ing dalima iya kang amung sajuri, lungayanira kadyeku, manarane Dawud Katong.

6. Ingkang winangun sungsun, timbun cinanthelan pari sewu, kyehning tamengira pra prawireng jurit, susumu sakaronipun, lir komprenging kidang jumboh.

7. Kang nyengkul madyanipun, kembang-kembang kang winastan bakung, winangsulan pangandikanira Nabi, mangkaten wangsulanipun, apan sayektine ngantos.

8. Ing wanci asrepipun, ing rahinten sarta wancinipun, wawayangan kajeng kawula pan narsi, dhateng redinipun emur, utawi panedyaning ngong.

9. Dhumateng tenggeripun, menyan menyan Nabi maluya rum, he paraning iya ing katresnan mami, endah srandu ning awakmu, tanpa cacad pisan payo.

10. Yogyane samya medhun, saka Lebanon ke pancangaku, mara sira meluwa marang ing kami, sedyaningsun jangkah mudhun, iya saka ing Lebanon.

11. Dyan nontona duk medhun, iya saka i pupucakipun, Lea manah saka ing pucuking senar, lan ing khirmon sarthanipun, ing pandhodhotaning ngemon.

12. Gununge macan tutul, he rayiku wadon pacangaku, sira uwus ngenglengake ati mami, lan sakedheping matamu kalawan weweling ingong.

13. Kekalunging gulumu, sayogyane saonced bae wus, he rayiku iya pacangaku swami, saiba-iba gonipun, tresnanta nengsemken ingong.

14. Katresnanmu dahat sru, angungkuli sasawabing anggur, sru gandane lenga jebatmu sun pilih, katimbang sarupanipun, anggi-anggi durung ingong.

15. Amiliha puniku, he pacangan swami lelambemu, anetesken madu pinasthika tuwin, madu lan puhan cinampur, pan iya iku amanggon.

16. Sangisoring ilatmu, sarta gandane sasandhangamu, wus lir gandanira Lebanon denya mrik, ke rayi papacangaku, sireku upama kados.

17. Patamanan kang pintu, kinancingan sarta pacangaku, kaya belik kang kineker sarta kadi, ing sesendhang kang tinutup, kalawan cap kancinging wutoh.

18. Mungguh ta trubusamu, padha dadi pakaranganipun, wit dalima kanthi uwit adoh adi, warna-warna kembangipun, koper naret-naret karkom.

19. Daringo sartanipun, manis jangan lan sarupanipun, kang ametu menyane lan emur mijil, garumyang sarupanipun, gi-anggi ingkang kinaot.

20. Iya kowe puniku, sendhang taman sumber we ning ngidhup, kali ingkang santer kang dumrojog saking, ing Lebanon he welingku, maruta kang saka ing lor.

21. Tangiya aja turu, he maruta ingkang saka kidul, tamatnaku silirana supaya mrik, arume muli wodipun, iya ing katresnaningong.

22. Tindaka myang lumebu, marang ing taman kagunganipun, dhahara woh wowohan kang adi-adi, he rayi papacangaku, ingsun wus lumebu ing jro.

23. Iya ing taman aku, sartanira wus methil emurku, myang wus dahar tala.tekan madu mami, sarta wus ngombe anggurku, lawan kambi puhaningong.

24. He he para mitraku, sira padha mangana lan minum, sartanira dipadha nganti sireki, tambirang pasal kacatur, palestha ing mangkya gantos.

25. Ngiket musthikeng kidung, kikidunganira janma anung, tumrap pasal lima linagu ing gendhing, kondhanging kidung kang anung, kumambang karseng Hyang Manon.

V. MAS KUMAMBANG

1. Ingsung guling nanging tyas datansah eling, iku sabawanya, uwode katresnan mami, kang nothok lawang lingira.

2. He rayi paraning katresnan mami, dara pyaraningwang, musthikaku ingsun mugi, wenganana lawang marga.

3. Sisirahku kalebus ebun utawi, remaku pan kebak, tumetesa Sang Hyang wengi, pangandikanira Nata.

4. Kawangsulan dening pacangan kadyeki, kula sampun lukar, kadi pundi anggen mami, dandos malih sarta kula.

5. Sampun wisuh suku kula kados pundi, inggih gen kawula, sedya ngregetaken malih, andikanira Sri Nata.

6. Ingkang dadi uwoting katresnan mami, nuli nganjingena, astane bolongan kori, temah atiku trataban.

7. Krana saka panjenenganira tuwin, ingsun tangi nulya, arsa mengani woding, katrenanku sanalika.

8. Tanganingwang tumetes emur utawi, suwendaku uga, tumetes mur mili saking, pentholing pikukuh lawang.

9. Uwotira katresnanku sun wengani, nanging wus amuntat, myang wus tindak yayah kadi, pecat-pecat kayitmengwang.

10. Sebab saka iya mau ingkang dadi, pangandikanira, iku banjur ingsun lari, ananging nora kapanggya.

11. Apa dene tak sambat-sambat amargi, tanpa ring wangsulan, wong kemit kang nganglang nagri, tandya amrangguli ingwang.

12. Aku iya tumuli dipun gitiki, kongsi kabaranan, wong kemit ing baluwarti, padha ngrebut kemulingwang.

13. He pra wadon ing Yerusalem nagari, sireku sun sumpah, iya ta kalamun sami, kapethuk lan uwotira.

14. Katresnanku ko unjuki myat punapi, samya amunjuka, yen sun nandhang lara brangti, he wong ayu-ayu sira.

15. Kang pinunjul saka wong wadon sakwehning, uwoding tresnanta, iku kaceke punapi, katimbang kalawan para.

16. Kang katresnan sing akeh-akeh puniki, woding katresnanta, iku kaceke punapi, dene sira teka nyumpah.

17. Marang ingsun mangkene denya yumpahi, woding katresnengwang, iku putih lawan abrit, sumringah punjul wong legsan.

18. Mustakane iku kencana ngluwihi, murnining kancan, ramane dhan-ngandhan tuwin, irenge pan kaya gagak.

19. Tingalira aprasasat kaya peksi, daru nudya ana, iya ing pinggir kali, adus puhan sasansotya.

20. Ingembanan ingkang endah sarta adi, pangarasanira, tan beda yen den upami, lir gegulaning tanduran.

21. Anggi-anggi gagelengan gedhong wangi, lelathine kaya, kembang sosan sarta maning, netesken mur mili tansah.

22. Myang astane kaya kancana ginilig, tinrapan sosotya, tarsip sarirane kadi, gadhing ingukir sartanya.

23. Tinaretes sosotya nila widuri, sampehane nyaka, watu cendhani utawi, ingumpak kencana mulya.

24. Dedegira prasasar Lebanon tuwin, endah edinira, punjul kadyangganing tuwin, Erej miwah cethakira.

25. Anglir madu manis arum amumpuni, myang sawontenira, kabeh angenyutken kadi, mangkono iku wodira.

26. Katresnanku satemene he pra estri, Yerusalem praja, kang kaya mangkono iki uwoding katresnaningwang.

27. Iya kaya mangkono iku telenging, nyawaku wodira, ing katresnanira sami, marang ngendi tandakira.

28. He wong ayu pinunjul para pawestri, kabeh uwodira, katresnengwang, puhiku tumedhak maring, iya patamanira.

29. Parlu kowe arep tak rewangi nglari, woding katresnengwang, puhiku tumedhak maring, iya patamanira.

30. Tinjo gulan ketanjran anggi-anggi, ameng-amengana, kelangenane utawi, methik bakung kembangira.

31. Aku iki kagunganira pribadi, woding katresnengwang, lan woding katresnan mami, iku darbeksun priyangga.

32. Unggyanira angel ana samadyaning, bakung kembangira, palestha dera manulis, pasal panca gantya nurat.

33. Pasal nem sinawung gendhing rerepin, macapat winastan, kapidreng arsa ngawruhi, pitutur mrih don asmara.

IV. ASMARANDANA

1. Paraning katresnan mami, sira endah kadya tir sah, nengsemken lir Yerusalem, angebat-ebatken yayah bala samekta perang, engokena maripatmu, saka ing aku amarga.

2. Amrajaya ati mami, rambutmu prasasat kadya, wedhus Jawa pepathan, ingkang samya jerum ana, peperengan andaka, inggil At mungguh untumu, nora beda padrawana.

3. Gembel sapantha kang mami, amentas saka ginuyang, padha meteng kembar kabeh, kang gabug pan nora nana, myang pilingamu ana, sangisoring kudhung wangun, wangunanira pan kadya.

4. Dalima amung sajuring, para Ratu garwa ana, sawidak para pangrembe, wolung puluh myang wanita, prawan tanpa wilangan, ananging ta dara manuk, piyaran ngong mung sajuga.

5. Myang dadya musthika mami, kekasihe embokira kang nglairken pilihane, bareng andabeleng marang, para wanudya nulya, dipun arani rahayu, bareng katon marang para.

6. Ratu garwa lan pra selir, ambanur dialembana, sapa ingkang amancorong, ana kono kaya bambang, wetan endah lir yayah, amunjuli Hyang Sitengsu, suci kadya Sang Hyang Ngarka.

7. Angebat-ebatken kadi, wadya samekta ngalaga, lir singa nabda girange, aku mau medhun marang, ing papan pakebonan, Eguj arep andulu, sagung tutuwuhan kebak.

8. Lawan mariksani uwit, anggur paran wus umimba, iya iku kekembange, sartanya uwit dalima, kekaruke apa ta, wus ana mangka puniku, datangpa rumasa ingwang.

9. Iya katunggangken dening, nyawaku dhewe ratanya, pameran bangsaku kabeh, kang rahayu atinira, palestha ing panurat, pasal sat gantya mengapus, ing basa jarwa kang tumrap.

10. Bab pitu sinawung gendhing, pinurih tibaning tembang, kinanthi sekar arane, teksih tungal wasitarja, musthikaning kidungan, Suleman ingkang manawung, pantes lamun kinawruhan.

VII. KINANTHI

1. Panuwun amba pukulun, padukendra mugi-mugi, entyarseng karsa wangsula, inggih mugi padukaji, wangsul dhuh sulamit muga, karsa tindak amangsuli.

2. Supados amba pukulun, sageda nyenyawang maring pasariran padukakendra, sabda wangsulan Narpati, sulamit iku ing karsa, ko sawang apane sami.

3. Wangsulan wadon kang matur, inggih upaminya kadi, babegsanira wadyendra, kang tan lewih amung kalih, tandhing lir campuh ngayuda, sabda wangsulan Narpati.

4. Dhuh putrining satriya gung, iba-iba amantesi, tindak dalem tur kalawan, mangagem canela adi, solah cethik dalem sasat, ebahing rante kinardi.

5. Pasren ing lonceng kinandhut, tapak tangan kriya wegig, puser dalem datan beda, bokor gung kancana murni, isi anggur tanpa lukak, pasaliran dalem kadi.

6. Tan beda gandum satumpuk, kakupeng kembang ngubengi, bebakung keh datan benggang, payudara dalem kadi, kompenging kikidang kembar, lungaya dalem sang putri.

7. Anglir manara sisiyung, dipangga ingkang kinardi, tinggal dalem kadya blumbang, balumbang kesbon kekalih, sarta celaking gapura, kang winastan ing Batrambit.

8. Grana dalem saminipun, manara Lebanon kadi, inggih ingkang adhepira, dhateng ing Damesek tuwin, mastaka dalem pan kadya, karmel rema dalem putri.

9. Warninipun wungu semu, abrit Panjenengan aji, teka binesta kalayan, ririptane rema tan mosik, dhuh sih telenging katresnan, iba sru endah sang putri.

10. Lan iba banget unggyanmu, ngresepken sira sang putri, lawan sruning kanikmatan, mungguh dedegira putri, pantes yen kaupamakna, kadya witing kurma tuwin.

11. Sang putriyuda ranipun, petha-pethane kang sami, lir dhompolan uwohira, anggur iku kang nyeplesi, pangunandikeng tyasingwang, mangkono tak menek nguwit.

12. Kurma iku sun anggayuh, ing papah kang sun cekeli, nuli payudaranira, sun rasa-rasa lir kadi, dhedhompolan uwohira, wit anggur myang ruming angin.

13. Kang umahya ing lesamu, woh tapuka kang nyeplesi, sartanya cethakmu kadya, anggur edi wuwuh murni, inggih ingkang eca-eca, anggenira nglebeti.

14. Ing woding katresnan ulun, kang saged memungu lathi, sare tansah ngunandika, apa iya aku iki, temen ing kekasih-ira, kang dadi kekasih mami.

15. Sartanira iya aku, kang tuhu den kayungyuni, sumangga kekasih kula, sami medal dhateng jawi, nyare wontena ing padesan, ing samasa wanci ening.

16. Murugi kebonan anggur, datan misahken jariji, prapta kebon samya umyat, uwit anggur punapa wis, wonten ing sesekarira, kekarukipun punapi.

17. Sampun sekar sartanipun uwit dalima punapi, sampun mijil karokira, wonten ing ngriku wak mami, badhe ngun-jukken katresnan, katresnanamba dhateng aji.

18. Sekar dudahi puniku, gandanira sami amrik, myang nga-jenging gapuremba, wonten wowohan kang adi, adi ingkang teksih inggal, saha ingkang awak inggih.

19. Wonten tur kathah kalangkung, kawula rumanti remit, mamrih puniku sageda, kagem mring kakasih mami, pales-tha pasal kasapta, denira nurat gumanti.

20. Pasal astha kang ingapus, musthika kidungan Nabi, Suleman Dawut swaya, sinawung rarasing gendhing, rerepen kang ganti crita, pun mlaya sinom pangrawit.

VIII. SINOM

1. Beja kawula upama, paduka lamun dadi, pan inggih kadang kawula, sadherek kawula tunggil, saserepan manawi, mang-

katen upamenipun, padukendra kapapag, wonten ing jawi amesthi, tansah amba cucupi mangka kang nyampah.

2. Tanpa purun mesthinira, kawula nulya ngaturi, tumindak lumebu wisma, pantyasaning biyung mami, padukendra tumuli, mumulang dhumateng ulun, sarta paduka nulya, inggih kawula aturi, ngunjuk anggur bumban myang ing duduhira.

3. Uwoh kawula dalima, asta Nata kering nyanggi, dhateng utamangganingwang, asta kang tengen Narpati, meluk lungaya mami, he para manudya Yerusalem sireku samya, rungokna sun supatani, aja sira ngungkatken utawanira.

4. Marempengken ing katresnan, ingkang mangkono prayogi, ujanen karsa pribadya, sapa kang majungajoni, ing kono iya saking, ara-ara sartanipun, sumendhe marang marga, uwod katersnaning ngati neng ngisore uwit tapungkha iku ta.

5. Goningsun anenangiya, katresnanmu para estri, ana ing kono bokira, iya enggone nglarani, duk nglairken sireki, iya neng kono enggonmu, dilairake saka, biyungmu lan nandhang perih, dhuh kawula mugi paduka prenahna.

6. Ing jaja paduka kadya, kalkapi acap myang inggih, kaprenahna wonten asta, ing paduka dipun kadi, kalpika cap nyeplesi, dene pamisesanipun, ing katresnan samiya, kados pamiseseng lalis, kamempenganira tan kengguh bebaya.

7. Kados leleng palimengan, ngalat-alade puniki, urubira kang dahana, urup sulet kang nyuleti, sayekti maha suci, toya ageng tamtunipun, boten saget sirepa, katresnan puniku inggih, sanadyana benawi boten kawana.

8. Angelebi urupira, cloroting katresneng ngati, saupami wonten tiyang, ingkang badhe amewahi, ngurupaken pu-

napi, saisining griyanipun, sadaya mrih angsala, katresnan punika mesthi, mung pinoyok kewala ingkang pinanggya.

9. Kita samya darbe kadang, wanudya myang ijeh cilik, durung metu yudaranya, sadulur kita puniki, kapriye enggon mami, ngupagawe lamun besuk, samasa dipun lamar, pitaken dipun wangsuli, saupama dheweke itu llaleyan.

10. Lire tombak pager bata, puniku dipun yasani, omah salaka pethingan, yen puniku pancen kori, santosa den pageri, iya dening gebyok kayu, Erij aku iki ya, wus pinanci pancen dadi, tembok sarta sukuku empere padha.

11. Kaya manara mangka ta, mangkono mami mungging, ing ngarsane maha mulya, aku wus dadi myang kadi, kang nemu yu basuki, siningget carita dhuwur, sinambungan carita, kagungani ra Jeng Nabi, Ibnu Dawud Suleman kebonanira.

12. Anggur siji apan ana, ing Baalamon kang bumi, kang den pasrahken mring janma, pamong sartanira sami, kakarsa kenya Osi, aprajangji pajeg sewu, sekel salaka endhang, ature janma mong tegil, pakebonan kula punika sadaya.

13. Kawula suwun piyambak, inggih ingkang nguwasani, paduka wus tan uninga, dhuh ,Suleman kangjeng Nabi, kajawi kang wus jangji, kang sumurup pajeg sewu, sekel punika ingkang, kagungan dalem jeng Nabi, mangka ingkang kalih atus mugya-mugya.

14. Kaparingna dhateng ingkang, sami among kebon tegil, he wong kang karasan ana, pakebonan anggur mami, kancakancamu sami, nilingake suwaramu, aku ya rungonana, dhuh adhuh kekasih mami, mugi dipun enggal karsa alalana.

15. Kados kidang utawinya, kompreng wonten redi-redi, ingkang tuwuh eronira, anggi-anggi sawarnining tuwuhan ron kang wangi, tamat *Musthikaning Kidung,* nuju tanggal sapisan, Rabingulakir ring Alip, Sewu Wolung Ngatus Pitulikur sirah.

*****

1. Amba pun gitastha wanda, mengeti engeting driya.
2. Panungkara wasitarja, saking kang para winulya.
3. Pangalaming marcapada, inggih puniku ing dunya.
4. Menggah tapa mudyanira, pun amba gitastha wanda.
5. Punika pustaka munya, widada salaminira.
6. Winastan kidung raharja, sejamba sajroning driya.
7. Pan kinarya namudana, urup uriping wardaya.
8. Kang awor sambu lan hawa, supaya saged leresna.
9. Dening pangengeting driya, warah wuruk tata harja.
10. Tumrap ingamba priyangga, pun amba gitastha wanda.
11. Pamunji driya midangga, pamardinireng budaya.
12. Paribasan anglir kutha, myang baluwarti kang rusak.
13. Bedhah rinoban ngalaga, mirong ing prawiranira.
14. Pamardinireng wardaya, dumadi pupulihira.
15. Ingkang mangkaten babasan, minangka santosanira.
16. Tumadhah pameleh Suksma, supayantuk rahmatira.
17. Ing Gusti ingkang kuwasa, Pangerane sagung alam.
18. Ing beja dahulat nyata, nyata rahmating hyang Suksma.
19. Ing mangkya kidung raharja, ing ngucap ngandhap punika.
20. Caritaning Kuran kitap, manungsa tumitah ana.
21. Ing alam kadangan lawan, bantala surya sasangka.
22. Miwah ranu myung maruta, dahana sarta kartika.
23. Mangka kang para sujanma, lawan kang minangka kadang.
24. Bantala sasaminira, ranu mau sakabehnya.
25. Tumitahe tanpa seja, nanging sineja ing Suksma.
26. Mungguh para sagung janma, duk arsa tumitahira.
27. Mring alam kang winastan, ing ngarsa wau punika.
28. Utawi ing ngaran alam, parameyan ngalam dunya.
29. Puniku marang ing Suksma, wedi asih lumaksana.

30. Tetap nora sedya cidra, maring Gusti kang kuwasa.
31. Mungguh yayah sarta rena, karsa Allah mung minangka.
32. Sarana tumitahira, parameyan ngalam dunya.
33. Mulane sujanma gesang, uwoding katresnanira.
34. Kudu amung tumujuwa, maring Gusti kang kuwasa.
35. Suksma lamun kalindhihya, dening sakaliyanira.
36. Cakranira iku dadya, ngrupakken sarta amarna.
37. Myang manggon angarahena, maring kang maha minulya.
38. Kang mangkono ing sahadad, kalimah loro angrucat.
39. Gandaning jebadanira, kang amrik ngambar Bawana.
40. Iya momor ing saganda, ganda tan sinarju Suksma.
41. Kinukum manungsanira, mandrawa saka hyang Suksma.
42. Awit dene saka cidra, ubayanira ing Suksma.
43. Saguh sineja tumitah, yen kalakyan punaginya.
44. Wedi asih lumaksana, tetep nora sedya cidra.
45. Mula kudu netepana, pratignyanta marang Suksma.
46. Mubarang kalindhihena, dene tresnanta mring Suksma.
47. Sagung ing pratingkahira, kanthiya nyakra hyang Suksma.
48. Luwih maneh yen sungkawa, tobatana langsung Suksma.
49. Cakranira kang tumama, tumujuning maring Suksma.
50. Supayane bisa sirna, apa kang dadi sungkawa.
51. Winentas saka sungkawa, pinartistha munggeng suka.
52. Suka gawe esemira, esem gawe guyunira.
53. Iku wasesanen saka, panyakranta maring Suksma.
54. Dimene bisa widada, esem myang pangguyunira.
55. Aja liniru karuna, kang mangkono sababira.
56. Cakraning budayanira, kawasesa prabawanya.
57. Mesem mongkog suka-suka, bali sungkawa tumeka.
58. Marga guna bisanira, maring saniskara sirna.
59. Rahayu sing sapa janma nilingken rembug wasita.
60. Dipun temen driyanira, supaya nemu raharja.
61. Lamun cidra driyanira, sudarma tan ngayubagya.
62. Pangayubagyaning bapa, sewaya sarju wasita.
63. Wasitane janma kuna, kang ngolahken beja mulya.
64. Putra wasistha wardaya, sudarma ngudang begyanta.
65. Sagung panggawe kang ala, singkirana myang mandrawa.
66. Duga-duga arepena, supaya bisa mrayoga.

67. Budi iku pinardiya, kongsi bisa wicaksana.
68. Mungguh budi wicaksana, iku kang bisa gayuha.
69. Kabejan luhur myang wirya, kinanthen suka raharja.
70. Yen tinanduk ing piala, dening sama samanira.
71. Piala mung tandhingana, dening kadarman kewala.
72. Jamanging para kawula, kang samya ngulus Narendra.
73. Gedhe cilik padha uga, pari pola ngulun Nata.
74. Tan luwih mung kudu pada, kanthi budi wicaksana.
75. Iya iku kang minangka, jamang panguluning Nata.
76. Sanadyan guna mursita, lamun pisah wicaksana.
77. Duga ing prayoganira, kasaluru nora krasa.
78. Yen kasluru temahnira, tinut wuri masa beka.
79. Nanging mursit budi guna, tan kena yen tininggala.
80. Mursit guna upamanya, geni diyan ucengira.
81. Kang minangka lenganira, iku budi wicaksana.
82. Urupe kang maha mulya, iku yogya den rasakna.
83. Katresnan yen den ujaa, atasira kaprempengan.
84. Liya maring maha mulya, mendahane kang den enas.
85. Kraman tegal wana pringga, layak lamun angujaa.
86. Kaprempenganing katresnan, tan weruh katri prakara.
87. Uceng lenga urupira, mulade sakarsa-karsa.
88. Nora bisa anglacaka, tetapake tapakira.
89. Krana prempenging katresnan, kaenas kraman tegalan.
90. Mula uceng sarta lenga, duk karonsih lan urupnya.
91. Mung tansah awu kewala, mendahane calupaknya.
92. Wutuh lamun binantinga, ing watu tan dadi sela.
93. Mangkono kang nyelakana, pamardyeng hyang maha mulya.
94. Kang kudu linakonan, dening para janma mula.
95. Sarehning kun-payakunnya, Allah marang pra manungsa.
96. Ijeh nguja sejanira, jumangkah marga minulya.
97. Prayoga yen ngarepana, pamuji iki ucapna.
98. Gusti Allah muga-muga, nylametna badan kawula.
99. Salebeting gesang amba, kasunaran bagaspatya.
100. Pada ngidak ing bantala, maha minulya ngosikna.
101. Budi amba widadaa, enget maring maha mulya.
102. Punapa pakonira, Gusti amba kang kuwasa.

103. Mring kulanya supadiya, tumindak ngambah ing marga.
104. Kang anjog beja raharja, raja jagat angesrokna.
105. Amba pribadi tan ngrasa, wasis ngesrokken paneja.
106. Kajawi Sang raja Alam, nulangi kawawanira.
107. Dasih ing hyang ngambah marga, kang anjog lan esrogira.
108. Maring beja kang minulya, kamulyan paran myang sangkan.
109. Tinulangan luwihira, ratya sagunging lam-alam.
110. Kalisa mangluhur karya, karyasmara tanpa karya.
111. Yayah ngayuti maruta, tiwas sayah tuwas nglaha.
112. Wiwit tumbirang kulanta, mring pakarti kang prayoga.
113. Gehegan semayanira, denira anglakonana.
114. Bambang wetan tinindakan, wekasan prapta singgetan.
115. Lingsir pracima hyang arka, kang layak angolahena.
116. Makutha ingkang sanyata, nyatane manungsanira.
117. Tansah mirasa semaya, candhak ayuning pracima.
118. Kongsi semu semonira, keri samenut sunarnya.
119. Silem ing wengi kang mimba, bingung bangsa wancakdriya.
120. Den ajak ngungset wasita, pranata kang mamrih arja.
121. Mung nguja sembrana, pakarti rungsit rinasa.
122. Ginampang kewala bisa, mumpuni cakraning driya.
123. Ngamping-ampingi yitmanya, ketleyek tekabur mulya.
124. Punapanta pamirasa, linakon ingkang mangkana.
125. Keni lajeng ginuguwa, mumpuni ing ngendonira.
126. Yen amba dereng pracaya, kang namung tansah semaya.
127. Bambang wetan tinindakan, lah ta mula kang kuwasa.
128. Ingkang makaten punika, kasirnakna kang mandrawa.
129. Kantuna anglaras gangsa, i saben menut tinatap.
130. Supaya aruming nglaras, kagem kapireng Sri Nata.
131. Punika atur sanepa, kawulanta maring Suksma.
132. Mrih tutup pintu gapura, menga sidik kawistara.
133. Tarontong langgenging Suksma, yen Allah tanpa nuntuna.
134. Tutup pintuning gapura, minep dadya temahira.
135. Peteng limeng marganira, kukudhung kang kawistara.
136. Pakarti radadira, anutup kodrating Suksma.
137. Mila rasa myang rumasa, cakraning budi krasaa.
138. Sampurna kamulyan paran, kajawi mung sangkanira.
139. Kang winor amor saganda, panggandaning cakranira.

140. Rasa rumasa kang krasa, elok ing karasanira.
141. Sampun ngantos binasakna, o anthik pijer semaya.
142. Kawula nglampahi karya, kentheling daliling Suksma.
143. Mendahane krama gaga, myang boga sayekti beda.
144. Dening kang ngadeg kawula, marga sira kraman gaga.
145. Karseng Allah mung inguja, ing karsa tanpa Agama.
146. Marma sathithik kewala, tan enget marang ing Suksma.
147. Kajaba katarik krasa, ing adade ingkang dadya.
148. Jodhone katresnanira, minum mangan nendra nadyan.
149. Kawirangan tinatresnan, mung mangkono engetira.
150. Wus layak si kraman gaga, gadhuge tekat mung tampa.
151. Wawelehe kang masesa, ing padesan tegal-tegal.
152. Mula kawula priye ta, yen tan ngudi bedanira.
153. Satiyaring beda srana, tadhah pamardining Suksma.
154. Katresnan tinon mingkara, saka marga anjogiro.
155. Ing sagung godha rencana, esroge marang duraka.
156. Sasanane ingadosa, minangka pidananira.
157. Gora-godha duk ngrancana, lir rara ayu kang seja.
158. Ngajak jangji dadi garwa, jaka lara prapteng lana.
159. Sulaya wekasanira, ayune ninggali lara.
160. Dadi lara warnanira, mancala rupa prayoga.
161. Endah edine ing dunya, weh asmara tresneng driya.
162. Surupe warna prayoga, kalamun sang jiwa raga.
163. Wus memah nemu sangsara, lagya weruh dudu kenya.
164. Ayu ngaku ijeh rara, nanging anggarwa lelara..
165. Kang mangkono den rasakna, sarta kudu den wawasa.
166. Saka budi wicaksana, mrih tan kasluru ing marga.
167. Kang gonjeng sadina-dina, sawengi-wengi sejanya.
168. Ngajak wurung jenengira, ngadeg kawulaning Suksma.
169. Eman yen tan widadaa, paran teka sangkanira.
170. Mulane sajeronira, ana parandene bisa.
171. Wasis ing tumandangira, kasinebut ing bebasan.
172. Anambung kalawan misah, manuntagi sarta nganam.
173. Srat punika upamanya, linagu sekar gurisa.
174. Sartanira upamanya, linagua maca donga.
175. Salawat tan kadya kena, yen gurisa amandheta.

176. Sawidak sakawan wanda, yen lagu donga mendheta.
177. Kawanda salwolu wanda, sumangga den nyatakena.
178. Pinengetan duk mangripta, ing serat kidung raharja.
179. Nuju wimbaning sasangka, kaping tiga raning candra.
180. Rabyalakir Alip angka, anunggil sekar mradapa.
181. Nginggil punika wasita, *Musthikeng Kidung* ranira.
182. Enireng karsa kang ngripta, ing serat kidung raharja.
183. Pangerang budi priyangga, kawula ingkang manggita.
184. Kang wus sinebut ing ngarsa, pun amba *Gitastha Wanda*.

TAMAT

BAB II
TERJEMAHAN MUSTHIKANING KIDUNG

I. SINOM

1. Seperti melihat tunasnya daun di pohon Asam, sangat ingin mengubah *tembang* dalam bahasa Jawa. Bab pertama berisi ajaaran yang bernilai tinggi, karangan Nabi Sulaiman Ibnu Daud. Sedangkan nama buku pemberian Nabi adalah *Musthikaning Kidung.* Hati berdoa pada Tuhan.

2. Semoga berkenan memberi kebeningan hati, dimantapkan dalam merangkaikan bahasa dalam tulisan, jatuhnya irama *tembang* sama dengan *dong ding*-nya gending, dan petikan dari induknya dapat sama mankanya dengan ajaran yang bernilai tinggi dan kiasannya. Ada seorang raja berkeinginan, kekasih-kekasih wanitanya disuruh merayu.

3. Maksudnya untuk dipergunakan sebagai penguat lurusnya budi. Budaya yang ingin sekali terhadap pekerjaan mengarah pada jalannya hawa. Di dalamnya terlindungi matahari, semua menginjak bumi yang luas. Kesentausaan diusahakan. Selamat budi, agar bijaksana. Terurai dalam ucapan raja.

4. Semoga hamba dilindungi dalam pengucapan lidah. Kasih paduka, harumnya melebihi anggur atau bau paduka harum-

nya seperti wewangian yang seketika menyebarkan keharumannya. Nama paduka laksana minyak.

5. Wangi yang dituangkan baunya.. Bau harumnya memenuhi bumi. Oleh sebab itu, gadis-gadis sangat ingin memberikan cinta. Semoga Paduka menyingkap rembulan dari keindahan cahayanya. Semoga berkenan menggandengnya, sedangkan hamba hanya ikut di belakang.

6. Sesudah sang Raja menyingkap cahaya bulan. Semoga berkenan menambah cintanya. Hamba diterima masuk ke ruang tidur, letaknya tempat tidur. Hamba ingin bergembira. Gembiranya hati karena tuanku raja mampu menangkap getar-getar cinta.

7. Hamba ingin memuji terhadap kasih tuan yang seperti cahaya, seperti rajanya Sang Hyang Ratih, dilebihkan dalam memberi cinta. Sebagai balasan cinta, hanyalah anggur dengan keyakinan yang sama, menyerahkan rasa cinta kepada tuanku.

8. Dihentikan rayuan para gadis. Diceritakan sabda sang raja. Wahai para wanita di negeri Yerusalem, hitam kulitku, tetapi indah, seperti *tarup* di Kedar. Dan lagi tulangku menyerupai permadani Sulaiman.

9. Kamu jangan melihatku. Hitamnya kulitku, karena dari terkena sinarnya matahari. Anak ibuku marah-marah padaku. Oleh sebab itu, aku dipaksa menjadi pemelihara kebun.

10. Tanam-tanaman anggur. Akhirnya kebunku sendiri, itu tidak kepelihara. Jawab para wanita kepada raja, duh tuanku raja, kecintaan jiwa hamba, hamba semoga diperkenankan mengetahui tempat untuk menggembala.

11. Kambing milik tuanku. Di mana tuanku raja menyembunyikannya, sehingga terlindung tidak terkena sinarnya matahari, waktu tengah hari. Mengapakah tuanku raja, sampai bepergian dan menyamar ke tempat, golongan teman-teman tuanku raja.

12. Sang raja menjawab. Begini jawabnya, he-he para wanita cantik yang terpilih, jika engkau ini belum mendengar, begini supaya engkau tahu. Hayo lacaklah jejak kaki kambing atau anak kambingmu di dekat.

13. *Tarup*-nya tempat menggembala. He he kekasihku, engkau ini seupamakan, seperti kuda yang menjadi pasangannya kereta raja, yang dipelihara, yang dimintai tolong. Sangat indah pipimu, diapit oleh ***sumping***, seperti lenganmu yang dihias.

14. Kalungmu itu, ingin kubuat sumping emas yang bertutulkan perak. Selama sang raja duduk bersantap, selalu dirayu Dyah Ayu. Begini rayuannya, *naret*-ku, baumu harum. Harummu titian rasa cintaku.

15. Terhadapku seupama, bulatan di tengahnya mur, seperti bungkusan yang dijejalkan di antaranya depanku. Harumnya teruskan terhadapku. Tetapi nyawaku seperti gugusan-gugusan ***koper*** itu, yang berasal dari kebun anggur di mana-mana adanya.

16. Sang raja menjawab, sedangkan engkau kekasihku, engkau itu cantik. Benar-benar cantik. Matamu seperti mata burung dara. Para wanita cantik itu menjawab, rayuanmu raja, duh-duh aduh akarnya cinta hamba.

17. Sungguh tampan tuanku, memikat hati hamba. Gembira raja di singgasana. Jikalau aku yang menjadi kecintaan

gadis-gadisku, seperti dua yang menjadi satu, karena Kangjeng Ejkha yang bekerja, mencari yang ketempatan.

18. Papan-papan di depan rumah berwarna-warna, karena penulisnya Kangjeng Beros. Ajaran mengenai bab satu selesai, nantinya akan berganti. Menurut pasal dua, masih *Musthikaning Kidung.* Karangan anak Daud yang bernama Nabi Sulaiman. *Sekar Pucung,* yang dipakai dalam cerita.

II. PUCUNG

1. *Sekar Pucung* sebagai pembuka pembicaraan. Para gadis merayu sang raja, duh tuanku raja, hamba ini bunga.

2. *Khabat selet* di saron, ataupun bunga bakung di tanah yang berlubang. Kata sang raja, heh wanita, engkau itu seupama.

3. Bunga Bakung yang berada di tengahnya lubang besar. Begitu juga cintaku ada ditengah-tengahnya, walaupun para gadis cantik wajahnya.

4. Para gadis berkata kepada sang raja: duh hamba ini, seupamanya pohon Tapuka yang berada di tengah-tengahnya pepohonan.

5. Di hutan. Demikianlah tuanku raja, akar dari cintaku. Ada di tengahnya para manusia, lelaki melihat dengan sangat kepada hamba

6. Yang senang duduk di tempat berlindungnya. Dan buahnya manis sekali terasa dalam langit-langit hamba. Hamba sudah dituntun masuk ke

7. Ruang yang memang tempat *pengunjingan* anggur. Padahal sedang berkasih-kasihan. Inilah tuanku raja, bendera yang dipergunakan untuk melindungi hamba.

8. Semoga hamba dikuatkan dengan makanan kecil yang disebut *emplek-emplek kismis*, dan di-*kasnaka* dengan buah Tapuka.

9. Karena hamba menderita sakit rindu, terutama badan hamba yang disangga oleh tangan yang kiri, tangan kanan memeluk-meluk hamba.

10. Berkata sang raja pada wanita cantik, he para wanita di negara Yerusalem, engkau semua aku sumpah seupama kijang

11. Dan menjangan. Para wanita di jalan besar, jangan membangkitkan napsu atau seketika merah muka karena marah terhadap rasa cinta. Perkata itu yang baik.

12. Dimanjakan itu karena kesengajaan diriku sendiri. Para gadis menjawab, terhadap raja. Demikianlah jawab para gadis.

13. Yang terdengar oleh hamba, suaranya akar cinta hamba, di situlah mendatangi. Datangnya berlompat-lompat langkahnya.

14. Di pegunungan berlompat-lompat kelihatan tinggi. Akarnya cinta hamba seperti kijang dan anak kijang. Itulah tempatmu.

15. Berdiam di belakang tembok sambil melihat. Melihat-lihat dari jendela, dan perhatikanlah di belakang jeruji jendela.

16. Titian cinta telah berurai kata terhadap aku. Begini, kekasihku, berdirilah engkau di tempat orang-orang yang cantik.

17. Akarnya dari rasa cintaku. Engkau kemarilah, sudah usai rasa dinginnya, sisa dari musim hujan.

18. Di bumi telah kalah bunga-bunganya. Telah datang kicauannya burung-burung, dan terdengar kicaunya burung perkutut.

19. Ada tanah di sini atau pohon yang berniat merasakan seperti rasanya buahnya yang masih muda. Pohon menggugurkan bunganya yang berbau harum.

20. He kekasih, berdirilah he gadis-gadis cantik curahan cintaku. Kemarilah burung dara, peliharaanku yang bertempat di *lawah*-nya batu karang.

21. Di relung persembunyian, perlihatkanlah sindiranmu kepadaku. Bukalah perkataanmu, aku akan mendengarkan suaramu yang memberikan asmara.

22. Sindiranmu bermaksud ingin memberikan pelajaran. Bantulah aku. Maksudku ingin memegang rase kecil yang merusak.

23. Kebun anggur. Karena kebun anggur itu milikku. Bunganya semerbak bermunculan, titianmu adalah rasa cintaku.

24. Milikku sendiri dan lain-lainnya, bukankah kekasihku sendiri. Kerjanya menggembala di tengah-tengahmu.

25. Bunga-bunga Bakung, karena waktunya. Dinginnya siang hari, waktunya bayangan *asis*. Duh duh engkau akarnya rasa cintaku.

26. Laksanakan kijang atau anak kijang. Paduka mengembara ke gunung-gunung yang lengang. Selesai sudah tulisan.

27. Pasal dua nantinya diganti. Bab tiga dibuat tembang. Macapat namanya gending. Dipikirkan dalam hati supaya seperti beningnya hati.

III. MIJIL

1. Yang ke luar dari perkataannya seorang wanita. Aku di tempat tidur, kemudian mencari yang menjadi bagian yang terdalam hatiku. Hamba cari, tetapi tidak dapat bertemu. Kemudian kataku

2. Aku akan bangun mengelilingi negara. Sepekan dikeramaian manusia. Mencari-cari di bagian yang terdalam jiwaku. Hamba mencari, kemudian aku cari, tetapi tidak ketemu.

3. Hamba bertemu dengan *wong kemit* yang mengelilingi negara. Hamba tanya, apa betul dia orang yang mengembara. Bertemu dengan yang menjadi bagian yang terdalam di beningnya hatiku tadi.

